# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में लोकसभा चुनाव बदे सज्जो राजनीतिक दल चुनाव परचार के जोरिया दिहले हवें। कई गो राजनीतिक दलन क नेता, स्टार प्रचारक अउर ओम्मेदवार लोगि लोकसभा क्षेत्रन में जनसभा अउर रोड–सो के जरिये लोगिन क समरथन जुटवले में लागल हवें। येही क्रम में भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने आवास पर पत्रकार वार्ता में कहलें कि **आपस में बांटो और राज करो** ई कांग्रेस क पुरान आदति हउवे। कांग्रेस जाति के नांव पर, क्षेत्र के नांव पर अउर भासा के नांव पर समाज के बंटले क काम कइले हवे। मुख्यमंत्री प्रदेस क पर्यटन मंत्री अउर मैनपुरी लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार जयवीर सिंह के पक्ष में मैनपुरी में रोड–सो कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि मैनपुरियो येह बेरि बदलाव के राहि पर चलि रहल हवे। उहां के स्वर्गीय कल्याण सिंह के यादि करत कहलीं कि उहां के आपन पूरा जिनगी श्रीराम के सेवा में लगा दिहलीं अउर अजोध्या में राम मंदिर बदे बड़हन कुर्बानी दिहलीं। उनके निधन पर सपा क कउनहूं नेता सोको जतावे खातिर नाहीं गइल।

ओहर डिप्टी सीएम बृजेश पाठक आंवला क वर्तमान सांसद अउर ओम्मेदवार धर्मेन्द्र कश्यप के पक्ष में ओट डारे खातिर प्रबुद्ध वर्ग सम्मेलन में हिस्सा लिहलें। तिजहरिया केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह बदायूं में जनसभा के सम्बोधित कइलें। ओहीं, समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव बदायुवें में पारटी ओम्मेदवार आदित्य यादव के समरथन में जनसभा के सम्बोधित कइलें।

**********

प्रदेस में पचवां अउर छठवां फेरा कै लोकसभा सीटिनि बदे परचा दाखिला क प्रक्रिया जारी बाटे। छठवां फेरा बदे बस्ती लोकसभा सीटि से आजु बसपा ओम्मेदवार दयाशंकर मिश्र त ओहीं भदोही लोकसभा सीटि से राष्ट्रीय समाज पक्ष से राम प्रकाश अउर प्रगतिशील मानव समाज पारटी से प्रेम चन्द बिंद परचा दाखिल कइलें। पचवां फेरा बदे फैजाबाद लोकसभा सीटि से भारतीय कम्युनिस्ट पारटी क ओम्मेदवार अरविंद सेन परचा दाखिल कइलें। पचवां फेरा के चउदह लोकसभा सीटिनि बदे बिहने परचा दाखिल कइले क आखिरी तारीख हउवे। छौ मई ले ओम्मेदवार आपन नांव वापिस ले सकिहें। येह फेरा में–मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बांदा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बाराबंकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा लोकसभा सीटि खातिर बइस मई के ओट परी। छठवां फेरा खातिर प्रदेस के चउदह लोकसभा सीटिनि बदे छौ मई ले परचा दाखिल कइल जा सके ला। ओट पचीस मई के परी। येह फेरा मे जवन चउदह लोकसभा सीटिनि पर मतदान होखे के बाटे ओहमें–सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, इलाहाबाद, अम्बेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, मछलीशहर अउर भदोही लोकसभा सीटि सामिल हइनि।

**********

भारतीय जनता पारटी आजु प्रदेस के दुइ गो अउरियो लोकसभा सीटिनि बदे ओम्मेदवारन के नांव क घोसणा कइ दिहलस। पारटी रायबरेली से दिनेश प्रताप सिंह अउर कैसरगंज सीटि से करण भूषण सिंह के आपन ओम्मेदवार बनवले हवे।

ओहर, बहुजन समाज पारटियो छौ गो अउरियो सीटिनि खातिर अपने ओम्मेदवारन के नांव क घोसणा कइले हवे। एहमें कुछु ओम्मेदवारन क नांव बदलल गइल हवे। बसपा गोण्डा लोकसभा सीटि से सौरभ कुमार मिश्रा, डुमरियागंज से मोहम्मद नदीम मिर्जा, कैसरगंज से नरेन्द्र पाण्डेय, संतकबीर नगर से नदीम अशरफ, बाराबंकी से शिव कुमार दोहरे अउर आजमगढ़ लोकसभा सीटि से मशहूद अहमद क आपन ओम्मेदवार घोसित कइले हवे। पारटी विधानसभा उप चुनाव खातिर लखनऊ पूर्वी सीटि से आलोक कुशवाहा के ओम्मेदवार नामित कइले हवे। ओहर समाजवादी पारटी बांदा से पूर्व घोसित पारटी ओम्मेदवार शिव शंकर सिंह पटेल के जगहि उनके पत्नी कृष्णा पटेल के ओम्मेदवार बनवले हवे। ऊ बांदा क जिला पंचायत अध्यक्षो रहि चुकल हइनि। कृष्णा पटेल इण्डिया गठबंधन से सपा ओम्मेदवार के तौर पर आजु आपन परचो दाखिल कइलिनि।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान फीसदी बढ़ावे खातिर प्रदेस के सज्जो जिलन में मतदाता जागरूकता से जुड़ल कई गो कार्यक्रम क आयोजन हो रहल बाटे। नुक्कड नाटक, रैली, सपथ ग्रहण अउर कई तरह क प्रतियोगिता के जरिये विद्यार्थी, आंगनबाड़ी कार्यकत्री अउर समाजिक संगठन लोगिन के ओट डारे बदे प्रेरित कइ रहल हवें। येही क्रम में गोरखपुर, देउरिया, अजोध्या, वाराणसी, मऊ जिलन में मतदाता लोगिन से मतदान क सपथ दियावल गइल।

**********

भगवान बुद्ध के महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में भिक्षु संघ के ओरि से बुद्ध पूर्णिमा क तइयारी सुरू हो गइल हवे। आयोजन समीति अउर भिक्षु संघ क अध्यक्ष एवी ज्ञानेश्वर बतवलें कि तेइस मई के बुद्ध पूर्णिमा समारोह क आयोजन होई, जेहमें कई गो देसन क बौद्ध सरधालु सामिल होइहें। उहां के बतवलीं कि मुख्य कार्यक्रम म्यांमार बुद्ध मंदिर के हाता में होई। बुद्ध पूर्णिमा के पूर्व संध्या पर बाइस मई के महापरिनिर्वाण मंदिर में बिसेस पूजा होई।

**********